

KOMITE LEKÒL NAN VIL BOSTON



MEMORANDÒM

POU: Direktè ak Manm Komite Lekòl Boston yo
DE: Lorena Lopera, manm BSC ak prezidan adjwen,
Komite Rechèch Sipè Entandan an
SIJÈ: Demann pou Apwobasyon Deskripsyon Travay Sipè Entandan an
DAT: 6 Avril 2022

Aprè yon revizyon apwofondi ak yon apwobasyon inanim pa Komite Rechèch Sipè Entandan an, se yon plezi pou mwen pataje Deskripsyon Travay Sipè Entandan an pou ou kapab konsidere. Komite Rechèch la mande apwobasyon Komite Lekòl la avèk respè nan swa sa a pou kapab kontinye avèk pwosesis la.

Komite Rechèch la te travay avèk dilijans pandan semèn pase yo pou aktyalize deskripsyon travay la nan pwosesis rechèch 2018 la nan yon fason ki reflekte aktyèl opòtinite distri a ak defi pandan y ap entegre fidbak nou te resevwa nan kominote a.

Mizajou esansyèl yo genyen ladan:

- Pi gran anfas sou avansman ekite, eliminasyon eka nan opòtinite ak nan akonplisman, satisfaksyon bezwen elèv miltileng yo ak elèv ki genyen andikap yo, epi fè yon swivi dosye ki pwouve oswa akonpli rezilta ki solid pou tout elèv yo.
- Yon konsantrasyon sou angajman familyal ak angajman kominotè ki santre sou kominikasyon ki transparan.
- Soulinye sijè espesifik ki te fè aparasyon pandan sesyon Ekout yo, tankou: retablisman de pandemi COVID 19 la; sèvis transpò ki fyab epi ki sen sou plan fiskal; planifikasyon nan etablisman ki elaji aksè nan anviwònman de kalite; divèsite manm pèsònèl la; anviwònman lekòl ki akeyan; ak ansèyman pou alfabetizasyon ki ekitab.
- Site Eksperyans ou prefere, tankou yon eksperyans antanke yon lidè distri a pou yon distri li konparab; fè eksperyans patenarya avèk kominote a pandan pandemi COVID 19 la; familiarite avèk pi gran zòn Boston nan; epi milti lengis avèk yon preferans pou metriz nan youn oswa plis nan 9 lang majè yo nan Distri a.

Aprè yon gwo diskisyon epi yon diskisyon reflechi, Komite Rechèch la te apwouve yon inanim deskripsyon travay la nan rankont 5 Avril la, avèk konpreyansyon ke Komite Lekòl la ak/oswa fim rechèch la kapab chwazi modifikasyon nan sifas yo pou rafine dokiman an anvan yo afiche l epi sikile bay tout piblik la. Komite Rechèch la mande konfimasyon Komite Lekòl la avèk yon vòt altènatif nan sware sa a epi enpasyon pou asiste diskisyon sware sa a.